sochi.ru 2014

XXII Олимпиадэм и иужьрей махуэхэр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№32 (22.690) ● 2014 гъэм мазаем (февралым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм ирагъэкІуэкІ лжьыгъэм и фІагъыр къыдэралытэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м къыдигъэкІа Указ №607-р Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхуитѣ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №85-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм ирагъэкІуэкІ лжьыгъэм и фІагъыр къыдэралытэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м къыдигъэкІа Указ №607-р Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхуитѣ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №1317-м, «Къэрал управленэм и ІэнатІэр егъэфІэкІуэныкІэ унэтІыныгъэ зэхъыпхъэхэм я Іуэхуитѣ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №601-м и пункт 2-м и «и» пункт кІуэдзэм япкъ иткІэ, **унафэ соиІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм къикІуэхэр щІыхьэ ящыкІуэ яубзыхуэ папщІэ социологие щІэупщІэныгъэхэр къыдэрызэрагъэпэщ икІи зэрырагъэкІуэкІ Хабзэу «Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъыр къыдэралытэм теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м къыдигъэкІа Указ №607-р Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхуитѣ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №85-УГ-мкІэ къащтам пункт 4.1 дэщІыгъуэкІи, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«4.1. Щыхуэхэр лэжьыгъэм арэзы къищІу къэлытэн зэущІахэм ящыщу нэхъ мащІэ дыдэу процент 35-м арэзыуэ жаІам.».

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мазаем и 4-м
№27-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А. «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Верещагин С. В. епсэлъащ Къэбэрдей-Балькъэрым и турист кластерым зегъэужьыныкІэ хэкІыпІэхэм теухуауэ

Зэ1ущІэм гульытэшхуэ щыхуащІащ КъБР-мрэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухамрэ Къэбэрдей-Балькъэрым турист-рекреацэ щІыналъэ хэха, турист кластер къыщызэгъэпэщыным теухуауэ Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ республикэм и Правительствэм зэфІигъэкІэм. Льэныкьуитѣыр зэгурыІуащ зэрыщэдзэлажьэм нэхьри зрагъэубгъуну, «Эльбрус» курортым зегьэужьыныкІэ зэхалъхьа Іуэхухэр и эманым гъэзэщІа хьун папщІэ зэдэІэпыкьужыну.

А махуэ дыдэм КъБР-м и Правительствэм щрагъэкІуэкІащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» зэгухьэныгъэм, Реестрымрэ щІым и кадастрымкІэ къэрал Іуэхущ1апІэу КъБР-м щы1эм, «Іуащхьэмахуэ льапэ» лъэпкъ парк» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэм я унафэщІхэр, район, кІуаж администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэта зэІущІэ. Абы щытепсэльыхьащ илъэс псом лажьэ турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыныкІэ кІэуэ къалэн нэхьыщхьэхэм. Псальэм папщІэ, гульытэ хуащІащ Іуащхьэмахуэ районым щІым екъэлІа Іуэхухэр зэрыщыгъэблагъэкІым. ЗэІущІэм щагъэбелджылащ щы Іыхьэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ кадастр учётым гъэувыныкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэр. Кьэпсэльыхьэм ящыщ зыбжанэм къагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и дежкІэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу щыт мы Іэнатіэм псынщІэу зиужьын папщІэ республикэм и Правительствэм хиубыдэу гъэзэщІакІуэ орган - Туризмэмрэ курортхэмкІэ къэрал комитет къыз1эрыз1эрагъэпэщащ. Ар сэбэп хьунущ Іущхьэмахуэ льапэ, турист кластерым хиубыдэ адрей щІыналъэхэм зэуІуу икІи псынщІэу зегъэужьыныкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Псэдзыгъи къишащ

«Украинэр ди къуэшхэм я къэралу, ди лжьэгъуу, ди пыбжьэгъуу кьыдолытэ дикІи дунейм щыдиІэ Іулыджри къэдгъэсэбэпынущ, апхуэдуи ди къару къихь псомкІи яужь дитынущ я щІыналъэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрыгъэныгъэмрэ щы-тепщэ хъужьи папщІэ», - щыжеІэ УФ-м Нэгъуэщ1 къэрал Іуэхухэмкі э и министерствэм дыгъэсэ зэбгрыригъэха тхыгъэм.

Апхуэдэу Москва трегъэчыныхь оппозицэм и унафэщІхэм лъыгъажэр ягъуэтыІуэ къэрал унафэщІхэм я жьІэм щІэвэжьи хуейуэ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэпэщІэтэныгъэм псэдзыгъи кьишащ. Украинэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э и министерствэм и следственнэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Татаров Олег зэрыжиІамкІэ, зэныкъуэкъу лъэныкъуэхэр Киев щыщІэзэуам щІыху 24-рэ хэкІуэдащ, 751-рэ гъэгъэхъуащ, абыхэм ящыщу 381-м дохутырхэм зыхуагъэзэн хуей хъуащ. Ягъуэта уІэгъэхэм къелакъым хабзэхъэмэу 10, милиционер 77-м фэбжь ягъуэтащ.

Зыпэмыплъа жэуапхэр

Европэ зэгухьэныгъэм хыхь1 къэрал псоми Іулыхь1 щы1эІэпах. Иригъэкі уэкІа къэщыпытныгъэхэр и тетъащІапІэу, апхуэдиу кьельтэ Европкомиссэм.

Цыхьу 28.786-м (зэгухьэныгъэм хыхьэ къэрал 28-м щыщ дэтхэнэми цІыху 500-м щІигъу щыхуэзэу) яхэупщІыхьати, европкомиссархэр зыпэмыплъауэ кьыщІэкІащ цІыхухэм я жэуапхэр. Кьызэрыщ1экІамкІэ, абыхэм я процент 76-м щэч кьыгъэрахъэркъым я къэралхэм Іулъхьэ мьмащІэ зэрыщызэкІуэм, апхуэдэ хэхъуэ зиІэхэр иужьрей илъэсищым куэдкІэ нэхьыбэ зэрыхъуари къыхагъэщащ. ЗэупщІахэм я процентым заумысыжащ иужьрей илъэсым къриубыдэу Іулъхьэ хьэгъэщагъэхэм зэрыхъэтамкІэ.

«Европэм коррупцэ и лъэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэр уи фІэщ мыхъуным хуэдэу хэплъэгъуэщ. Цыхухэм властым хуащІ пщІэр, дзыхьыр иреудых Іулъхьэ тын-къеІыхьным, къэралхэм я мылъкухэми хэщІныгъэшхэу ирет», - жиІащ къэхутэныгъэр езыгъэкІуэкІахэм яхэта Мальстрем Сесилие.

Мы махуэхэм

Мазаем и 20, махуэку

● **Социальнэ зэхуагъэм и дунейпо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм игъэувауэ, 2009 гъэ льандэрэ ягъэтъпІэ.

● 1940 гъэм Налшык ІэфІыкІэ фабрикэ къыщыгъэІуахащ.

● Мазаем и 20 – 21-хэм Дубан (Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэр) щызэхэтынущ Урысей-мрэ СНГ-м хыхьэ къэралхэмрэ я щІыдагъэ, газ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм я епІанэ зэхуэсыщхэр.

● Мазаем и 20 – 21-хэм Москва щекІуэкІынущ Гу дохутырхэм я ещанэ Евразие конгрессыр.

● Мазаем и 20 – 22-хэм Белокурихэ (Алтай край) щызэхэтынущ Жьлэгъэжьлэхэм я щІымахуэ конференцыр.

● Адыгей усакІуэ, драматург **Куб1 Бильостэн** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокІу.

● Адыгей тхакІуэ **Теувэж Хьэбибэ** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокІу.

● Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор **Гъащтэ Абдул** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокІу.

● Композитор, УФ-м гъуэдзжэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и щІыхьэ артист, КБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ХьэІупэ Джабрэил** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокІу.

●АР-м, КъБР-м щІыхь зиІэ я артисткэ **БжэІуматы Бариэт** къыщыалъхуа махуэщ.

●«Адыгэ псалъэ» газетым щихабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Истэпан Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

●Генерал-лейтенант, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дзыбэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокІу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхьэнунущ.

Мазаем и 21, *мэрем*

●Анэдэльхубзэм и дунейпсо махуэщ

● Экскурсоводым и дунейпсо махуэщ

●1819 гъэм Санкт-Петербург къэрал университетыр къызэІуахащ.

●1899 гъэм тенджызым техьащ дунейм щыяпэ «Ермак» мылкъуэ къхъухьыр.

● Абхъаз литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа тхакІуэ, Апсным и цІыхубзэ усакІуэ **Гулиа Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокІу.

●Адыгэбзэм, абхъазыбзэм, Кавказым ятеухуа тхыгъэ зыбжанэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа, тхыдэдж, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ **Марр Николай** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокІу

●ТхакІуэ **Лохвицкий Михаил** (Аджыкъу-Джэрий) къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокІу.

● Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысей Академием и член-корреспондент **Тембот Асльэнбий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокІу.

●КъэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Нэгъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокІу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 – 9 щыхьэнущ, жэщым уэпх къыщыелыынущ, щІыІэр I градуси щыхьэнущ.

Зыхъхьэзэрыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэт.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Нахуэу здыщамыщэм щэхуу сату щащІ.

Сноубордым ди медалхэм хегъахъуэ

Сочэ щекІуэкІ Олимпиадэ хуэмым и иужьрей махуитѣым ди медаль бжыгъэм нэхъыбэу хэзыгъэхъуар нэхъапэм зэи екъуІэныгъэ щыдимыІа сноубордырщ.

ВЭСЭМАХУЭ зэхэта цІыхухъуэм я зэпеуэм ди къэралыр зы медали щыщыгуГырытэкъым. Дращ Олюнин Николай етІуанэ увыпІэр къызэрихьар псоми телъыджэ щІащыхьуар, езыри абыхэм яхэту. Ди сноубордистым япэ кІищыфар мы спорт лІэужьыгъуэм щытепщэ франджы Вольтье Пьер и закъуэщ. Зи зэфІэкІкІыр льагэ дыдэ США-м щыщ Дейбольд Алекс Олюниним иужь кІуринэфащ.

Дыгъуасэ телъыджэм пищащ. США-м къраГъэІэпхъуэкІыу Урысей Федерацэм и щІыхьыр ихьуэмэну Сочэ кьагъэкІуа Уайлд Вик дыщэ медалыр къыхтуихьащ. Абы и щхьэгъусэ Заварзинэ Алёнэ и Іэр зэрыкьутам хуэдэу цІыхубзхэм я зэпеуэм ещанэ щыхъащ.

ЛыжэкІэ гуп зэпеуэ спринтым Вилегжанин Максимэрэ Крюков Никитэрэ дыжьын медалхэр къыщІахьащ. Абы пашэныгъэр щызыІыгъа нэмыцэ спортсменыр финишым къэсыпауэ джэлащ икІи ди щІалэхэм ар Іэзэу къагъэсэбэпэщ. АрщхьэкІэ финнхэр япэ ирагъэщащ.

Зэхьэзэхуэм и иужьрей махуэхэр яхуэфІащ Норвегием икІахэм. Абыхэм дыщэ медалищрэ зы дыжьынрэ къахьащ икІи зи екъуІэныгъэхэм жэз медалитІ фІэкІа хэзымыгъэхъуэфа, ауэ официальнэу щымыт гуп зэпеуэм иджыри къэс пашэныгъэр щызыІыгъа Германием щхьэщыкІащ. ЕтІуанэ Олимп чемпион Сочэ щиІэ хъуащ Словением. Бгым лыжэкІэ зэкъэжэхынымкІэ щІыхубзхэм я зэпеуэм Мазе Тинэ щытекІуащ.

Олюнин Николай

Лъэрыжэкі э къызэдэжэнымкІэ Голландием я спортсменхэм хуэдэ дунейм зэрытемытыр иджыри зэ наІуэ хъуащ. ЦІыхухъуэхэр километри 10-кІэ вэсэмахуэ кьащІэздэжьам абыхэм увыпІэ нэхъыфІищри аргуэру (иджы епІанэу!) яубыдащ.

Шорт-трекымкІэ цІыхубзхэм я эстафетэм пашэныгъэр кьащхьащ Кореем икІахэм. Абыхэм кьакІэлъэкІуэ Канадэмрэ Италиемрэ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ Вайс Дэвид фристайлымкІэ цІыхухъуэхэм я зэпеуэм щытекІуащ. АдэкІэ Канадэмрэ Франджымрэ я ЛыкІэуэхэр щытщ.

Хоккеистхэм я зэхьэзэхуэм и финалым и Іыхьэ пІанэм дыгъуасэ щІидзащ. Ящэ зэ1ущІэм Швециемрэ и командэ къыхэхам 5:0-у Словенер щыхигъэщІащ. Скандинавхэм адэкІэ хьэрхуэрэгъу къахуэхъуэн хуейт Урысей Федерацэмрэ Финляндиемрэ я командэ къыхэхахэм я зэпэщІэтэныгъэм щытекІуэр. Къэралыр зэрыщыту зыкІэлъыплъа зэ1уцІэр ди щІалэхэм ирагъэхьащ - 3:1.

ХЬЭТАУ Ислъам.

XXII Щымахуэ Олимп Джэгуэхэм къащыхьа медалхэр *(мазаем и 19-рэ хэту)*

Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псорн
1. Норвегие	9	4	7	20
2. Германие	8	3	4	15
3. США	7	4	10	21
4. Урысей Федерацэ	6	9	7	22
5. Голландие	6	7	9	22
6. Швейцарие	6	3	1	10
7. Белоруссие	5	0	1	6
8. Канадэ	4	9	4	17
10. Польшэ	4	0	0	4
10. Франджы	3	2	6	11

Уайлд Вик

«Дыззэкъуэтмэ, бгыр ткъутэфынущ!»

Олимп паркым ику дыдэм хуэзэу щыІэ «Адыгэ унэм» екІуалІэхэм Іэмал псори иІэщ мы щІыналъэм жьэ-жьэыбк ЛьэндэрэщІ щыпсэуэ лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щыгъуэзэ защІыну.

«АДЫГЭ унэм» екІуалІэхэр кІуэтэху нэхъыбэ мэхъу. БлэкІа тхьэмахуэ мэхуэм и закъуэ абы щыху миниблым щІигъу щызэблэкІащ. Мётр зэбгъузэнатІэ 600-м хиубыдэу къыщыз1эрагъэпэща музей экспозицэм, хьэщІэщым, концертхэр щагъэльагъуэ пэшхэм Сочэ щыпсэуэкэри, къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэри, хамэ къэрал хьэщІэхэри куэду къэкІуэ. Краснодар крайм и администрацэм къызэригъэпэща мы щэнхабзэ проектыр псоми яфІэгъэщІагъуэнщ.

- «Адыгэ унэм» фІы зигу илъ псорн зэкъуеГуэвэ, - жеІэ Краснодар крайм и Законубзыкъ Зэхуэсым и тхьэмадэ Бекетов Владимир. - Сочэ щІыналъэм и блэкІам щыгъуазэ зэущІ мы проектыр хуабжьу тэмэму къызэрагъэпэщащ. Дэ, Кубань щыпсэуэхэр, дынасыпыфІэщ, сыту жьыпІэмэ, ди тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу куэдщ. Мы щыпІэм щыпсэу дэтхэнэ зы лъэпкъыми Іэмал псори иІэщ и зэфІэкІымрэ щэнхабзэмрэ дуней псом щигъэІун папщІэ. Ди адэжьхэм кьытхуагъэна а хъугъуэфІыгъуэрщ нобэрей Урысейм и мылъку нэхъыщхьэр.

- ХьэщІэхэм зи бжэр яхуэзІуэныхэ «Адыгэ унэм» езы адыгэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ Краснодар крайм и япэ вице-губернатор Хьэту Жамболэт. - Абы щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ адыгэхэр зэхуэзэну, зэрыщІыхуну, къэкІуэну Іуэхухэм тепсэльыхьыну Іэмалхэр къызэрегъэпэщ. Гу зыльытапхъэ нэгъуэщІ Іуэхущ мы проектым ди нэхъыжьхэр зэрыхэтыр. Дэ адэкІэ дыкІуэтэн папщІэ къыпхуэмылъытэным хуэдизу, мыхьэнэшхуэ иІэщ абыхэм я акъылым, хабзэм, нэмысым.

(КІэухыр 4-нэ нап.)

ІэмалыщІэхэр къагъэсэбэп

● Электросетхэр

Кавказ Ищхъэрэм и МРСК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм электрокъаруу кІуэдыр 2012 гъэм елъытауэ киловатт-сыхьэт мелуани 3,513-кІэ игъэмэщІащ. Абы Май къалэм и цІыхухэмрэ и Іуэхущ1апІэхэмрэ мазэрэ ныкъуэкІэ крикъунущ.

ПСОРИ зэхэту къудамэм и сетхэм нэгъабэ киловатт-сыхьэту зы мелардрэ мелуан 423,4-рэ кьыІэрыхьащ. Ар ипэ ита илъэсым елъытауэ киловатт-сыхьэт мелуан 23-кІэ е процент 1,6-кІэ нэхъыбэщ. Электросетхэм лейуэ щыкІуэдыр процент пщІанитхум нэскІэ ягъэмащІэри, киловатт-сыхьэт мелуани 3,513-рэ кьыдагъэхуащ. Абы и лъэныкъуэкІэ Май, Прохладнэ, Шэджэм, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ районхэм екъуІэныгъэ нэрылъагъуэхэр яІэщ. Ар кърикІуащ къызэгъэпэщыныгъэ-техникэ Іуэхугъуэхэр зэрагъэзэщІам.

Электросетхэм лейуэ щыкІуэдтокыр гъэмэщІэнымкІэ ІэмалыфІщ къагъэсэбэпыр зыхуэдизыр къызэралъытэ Іэмэпсымэхэр унэ гупэхэм зэрахьыр, малъхъэдис (магнит) къарум щызыхъумэ пхъуантэхэм счетчикхэр зэрыщагъэувыр, кІапсэжьхэр фэ зытелъым хуэдэкІэ зэрахъуэжьыр.

«Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Псапэ

Нэхъыжьхэр ягъэгуфІэ

Хэкум и хъумакІуэхэм я махуэшхэм и пэ къихуэу, сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ я ятынымкІэ Къэзанокъуэ Жабагы и цІэр зэрихьу Налшык къалэм дэт Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ кІуэнущ нэхъыжьхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щыпсэу унэ-интернатым.

Хабзэ хъуауэ, илъэс 15-м кьриубыдэу гъэ къэс мы Іуэхущ1апІэм нэхъыжьхэм апхуэдэ гульытэ яхуэщІ. Мазаем и 21-м сабийхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ унэ-интернатым Іэфіыкіэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ яшэнущ. Ахэр къащхьэхунущ центрым щекІуэкІа «Пісэм и дахагъэр тыгъэ хуэщІ» концертым кьыхэкІа ахъшэмкІэ.

Нэхъыжьхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ ягъэгуфІэнущ ныбжьыщІэхэм ягъэхьэзыра концертымкІэ, езыхэм ящІа хьэпшыпхэр ирагъэлъагъунущ.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

Фадэр зэращэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъу щІадзэ

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм республикэм щыІэ Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ щыхъу щхьэхуэхэмрэ блэкІа илъэсым къриубыдэу гъущІэхэкІэхэр зэхуахьэсыну, яхъумэну, абыхэм елэжьыну икІи ящэну хунт зэращымкІэ лицензэу 20, фадэр рознищэ сатум щащэну хунт зэращымкІэ лицензэу 187-рэ яритащ.

КЪЫХЭГЪЭЩХЬЭХУКІЫПХЪЭЩ фадэхэкІэр ящэн папщІэ лицензэ къеІызыххэм я бжьыгъэ процент 30-кІэ зэрыхэхъуар. Абы и щхьэусыгъуэр фадэр зэрызэблагъэкІым нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъу зэрыщІадзарщ. Иджы лицензэ ямыІэу фадэ зыщэхэр дагъэкІуэ. Ар кърикІуащ къызэгъэпэщыныгъэ-техникэ Іуэхугъуэхэр зэрагъэзэщІам.

Электросетхэм лейуэ щыкІуэд

КъБР-м и Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 7-м №36-рп

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал экзамен зэгуэтхэр нэфI-мей хэмылъу къыщIыхыныр кьызэгъэпэщын, абы тэмэму зыкъэгъэхьэзырым мурадкIэ:

1. Къэщтэм мы Унафэм щыIэхуэу:

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал экзамен зэгуэтхэр кьыщызэгъэпэщынымрэ щIегъэкIуэкIынымкIэ лэжьакIуэ гупым хэтхэр;

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал экзамен зэгуэтхэр кьыщызэгъэпэщынымрэ щIегъэкIуэкIынымкIэ лэжьакIуэ гупыр зэрылажьэну планыр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын а планыр гъэзэщIэныр кьызэригъэпэщыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iи и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Марьяш И. Е.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ХРАМОВ Константин

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мазаем и 7-м кьыдигъэкIа Унафэ №36-рп-мкIэ кьыщтащ

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал экзамен зэгуэтхэр кьыщызэгъэпэщынымрэ щегъэкIуэкIынымкIэ лэжьакIуэ гупым

хэтхэр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщIм)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщIм и къуэдзэм)*

Афанасьев С. А. - «Тестхэр егъэкIуэкIынымкIэ федеральнэ центр» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1эм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуэу)*

Балъкьиз Ф. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Iэщ1агъэл1-эксперт нэхъыщхьэр *(лэжьакIуэ гупым и секретарщ)*

Уэнджыр Р. Ж. - Урысей Федерацэм ШынагъуэшагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и подразделенэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуэу)*

Вэрокъуэ А. Ж. - Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къудамэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуэу)*

Геворгизов Н. М. - Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм ЕгъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэмрэ щIэныгъэ организацэхэмрэ якIэлъыплъынымкIэ икIи я лэжьыгъэр кьэпщытэнымкIэ и управленэм лицензэ кьэпщытэнымкIэ и къудамэм и къэрал разрядэ зиIэ и Iэщ1агъэлIыр *(зэгурыIуэу)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщым *(зэгурыIуэу)*

Дол А. З. - Налшык къала округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуэу)*

Карныш С. А. - ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и щIыналъэ организацэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Мэшыкьуэ А. Б. - Къэрал экзамен зэгуэтхэм ехьэлIа информацэм елэжьынымкIэ щIыналъэ центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр

Мэшыкьуэ Б. М. - «Ростелеком» акционер зэгурыкIныгъэ зэIухэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Мэртэзэ Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Панкратовэ К. В. - Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм ЕгъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэмрэ щIэныгъэ организацэхэмрэ якIэлъыплъынымкIэ икIи я лэжьыгъэр кьэпщытэнымкIэ и управленэм лицензэ кьэпщытэнымкIэ и къудамэм и къэрал разрядэ зиIэ и Iэщ1агъэлIыр *(зэгурыIуэу)*

Тэнащ Д. З. - Урысей Федерацэм ШынагъуэшагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэр *(зэгурыIуэу)*

Теппеев А. М. - Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм жылагъуэ хабзэр хъумэныр кьызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

● Коллегиехэр

Арэзы утехъуэ хъунц?

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэм щызэпхьахащ нэгъабэ я лэжьакIуэ зыхуэдамрэ мы гъэм кьапщыт кьалэнхэмрэ.

МИНИСТРЫМ и пщ1ырылъхэр е зыхуэзэ **Пономаренкэ Роман** и отчёт докладым кьызэрыхигъащамкIэ, я Iуэхущ1апIэм хьыкъ промышленнэ предприятэхэм сом мелард 111-рэ мелуан 696-рэ и уасэ продукцI кьыщагъакIащ. Зэрызэуакъ хуабжьагъэр ипэ ита ильэсым ельытаУэ процент 113,3-м нэсащ. Сом мелард 12-рэ мелуани 138-рэ и уасэ продукцэ зэгурыIуэныгъэ щIыхьыжьынымкIэ я лэжьыгъэхэзырам и проценти 103,8-рэ мэхъу, апхуэдэу 2012 гъэм ящ1ам нэхъри процент 18,4-кIэ нэхъыбжь.

Машинэухуэ, гъуэщIым елэжь Iэнатlэхэм сом мелардж 8-рэ мелуан 528,5-рэ и уасэ продукцэ кьыщагъакIащ, сом мелардж 8-рэ мелуан 696,6-рэ и уасэ ящащ. ГъуэщIуэгугъэхэм пыщIа «Электро Про Сервис», «Чермет» ООО-хэм сом мелуан 719,2-рэ и уасэ продукцэ ягъэхьэзыращ икIи я дарэгъуэхэр хурагъащ. Химиэ промышленностым и зэфIэкIым хегъахьуэ. Абы сом мелардрэ мелуан 711,9-рэ и уасэ продукцэ кьыщIигъэкIащ икIи зэрызиужь хуабжьагъэм 2012 гъэм ельытаУэ процент 262,8-м нэскIэ хэхьуащ. Сом мелардрэ мелуан 977,4-рэ и уасэ ящащ. Ар ягъэхьэзырам и проценти 115,5-рэ мэхъу.

- «ЩIым щIэль хъугъэфыгъуэхэр кьыщIэхыныр», «Сырьём елэжьныр», «Электрокварур, газыр, псыр кьэлэжьынымрэ тегуэшынымрэ» Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм зэрызэужьым и индексэр зыгъэдэхуам тхупэмкIэ ящ1ам, процент 93,9-рэ мэхъу. ИнвестицIэ зэщIэгъэуIуэным пыщIа лэжьыгъэм пытщащ икIи отчёт льэхъэнкIэм кьыриубыдэу сом мелардж 2-рэ мелуан 620,2-рэ ди промышленнэ предприятэхэм кьыхсдгъэльэлащ. «2007 - 2010 гъэхэм, апхуэдэу 2015 гъэ пщIондэ Урысей Федерацэм зыхьумэжьынымкIэ и проблемыгъэ комплексым зэрызиужьынур» ФЦП-м ипкъ иткIэ «Телемеханика» ОАО-м сом мелуан 278,4-рэ и уасэ инвестицIэ проёкт щагъэзащIэ, Ар кьыхэзырахьлъэрэ сом мелуан 251-рэ кьагъэсэбэлащ. Диодхэр зэрэпхьэ, электроксарум кьыдэзыгъаХуэ светофорхэмрэ уэздыгъэ зэхьэзыгъуэхэмрэ кьыщыщагъэкIэ, «Сириус» концерн» акционер обществэ зэIуэхам хьыхь щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтхэм ящIыгъуэ щIэ пкъыгъуэхэр щагъэхьэзыр «Телемеханика» заводымрэ Прикладной химиемкIэ федеральнэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтымрэ я Iэщ1агъэлIхэм уэсэкхъуэр бгым кьызэрыгагъэх ПЛПК-1,0 ягъэIэпхуэу комплексыр щIэзэрыгъэхьэзыр «Кавказвентген-Д» ООО-м иджырей бжьыгъэрылажьэ медицинэ рентген техникэ кьыщIащагъэкI. ИнвестицIэ проектыр гъэзэщIэм зэрэщIадзэрэ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм апхуэдэ Iэмэпсымэ у 100-м щIигъу хурагъэщащ. Нобэ абы ящ1эщ еым и конструктор бюро, инженер-техникэ зэщIалIэ, рентген-диагностикэ комплексхэм кIэлъыплъ, зэтэзыуэхэ, зэзыгъэпэщынхэ Iэнатlэ, продукцIэр сертификацэрэ лицензэрэ щащ, кьэрал щIыб экономикэ Iуэхуэр зыужьуэ кьудамэхэр. Предприятэм и екьулIэныгъэхэм ящыщщ «Рентгеным кIэнгъэльагъуэхэр нэхьыфIу кьыхэзыгъэщхьэхуэ экран лIэужьыгъуэхэм и технологиер зыхуэдэнуэ инновацIэ проектыр. Апхуэдэ экранхэм рентген диагностикэм и фIагъым, и тэмэмагъым, и шынагъуэшагъэм хагъахьуэ, - кьыхигъэщащ министрым и кьалэнхэр езыхьэкIым.

Абы зэрыжиIамкIэ, Тырныауэ вольфрам-молибден кьыщIэхыпIэр зэтегъэувжьынымкIэ я кьалэн нэхьыщхьэхэм ящ1ащ. Ар и лъабжьэ инновацIэ бгы-металлургэ комплекс кьыщIэзэгъэпэщынымкIэ и Iуэхур 2025 гъэ пщIондэ Кавказ Iущхьэр федеральнэ щIыналъэм зэрызэужьыжьым ятещIыхьа проектхэм я инвестицIэ плани хагъэхьащ. Iэнатlэщхьэр кьызэIуахьи папщIэ, «МАЗ» автобус лIэужьыгъуэхэр зэмэкъуэмкIэ зэрыгъэпэсрэ ди республикэм и щIыналъэм щIыгъэпкрылъхьну я мурадщ. Абы и лъэныкьуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэзэфIэкIынымкIэ предприятэхэм я лIыкIуэхэм щыгъуэзэ зыхуэщIащ. Пономаренкэ Роман ящыгъуэ Iэщ1агъэлIэр зэрэпхьэзырыным, егъэджэныгъэр, щIэныгъэр, лэжьакIэ Iэнатlэхэр зэпызыщIэ Iэмальщ1эхэр кьэгъэхьэбэныным хуэунэтIуэу зэфIагъэкIэхэм, я предприятэхэм улахуэр зыщ1ыхуэдэмрэ ар зэрыщат щыкIэмрэ. Къапщтэмэ, «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-м ику ит мазэ улахуэр нэгъабэ сом 19299-рэ, «Гидрометаллургэ» ОАО-м - сом 19461-рэ, «Электро Про Сервис» ООО-м - сом 20539-рэ, «Строй Маш» ТД-м - сом 20150-рэ, «Кавказкабель-ТМ» кабель завод ЗАО-м - сом 18070-рэ щыхъуащ, ауэ предприятэ щхьэхуэхэм щатар республикэ лъэныкьуэщ зэгурыIуэныгъэм 2013 гъэм щагъэувамрэ нэсыр-кьым. Псори зэхэту министерствэм хьыхь Iуэхущ1апIэхэм щыхуэ 5500-м щIигъу щолажь. Абыхэм нэгъабэ улахуэмкIэ щыхуэ кьатехуакьым.

- Ди предприятэхэр гъэлъэныгъэ-жарыкIэхэм, зэIущIэхэрэ зэпеуэхэмрэ жыджэру хэтщ. Отчёт лъэхъэнэм кьриубыдэу министерствэм и Iуэхущ1апIэхэр выставкэ зэмылIэужьыгъуэ 26-м я зэфIэкIым щеплъажащ. Апхуэдэщ гъатхэрэм Венэ щыззхашэ радиологхэм я «ECR-2013» европей гъэлъэныгъэныгъэ-конгрессыр, мэлыжьыхьым и 8 - 12-хэм Германием и Ганновер кьалэм кьыщыхалъхьа «HANNOVER MESSE» выставкэр. КьыхэзгъэщIапхъэ продукциенэ технологие, инновацIэ, автоматизацIэ я лъэныкьуэкIэ нэхь ин дыдэу ельытыр я зэхьыхьэщхъэм иджы зэпу Урысейм кьэрал-дарэгъу кьалэн зэрыщIгъэщIар, - кьыхигъэщащ министрым и кьэрал-зэIущIэм.

Къэпсэльэм зэрыжиIамкIэ, республикэм рознищэ затэм зыщеуакь. Сом мелардж 90,2-рэ и уасэ продукцIэ нэгъабэ ящащ. Ар ипэ ита ильэсым ельытаУэ процент 12-кIэ нэхьыбэщ. Рознищэ затэм и процент 69-р (бзэрэзэхэмыту) затуущ Iуэхущ1апIэхэмрэ щхьэзакьуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ кьыззэрагъэпэщащ. Ар сом мелард 62-м щIегъу. Процент 31-р е сом мелард 27-м нэблагъэр бзэрэхэмрэ жарыкIэхэмрэ хуоэ. ЕрыскьыхьэкIыу, псырэ тутынхэкIыу сом мелард 42-м нэс, хьэпшыпу сом мелард 47-р я уасэ ящащ. Ахэр 2012 гъэм зэрагъэжьащ нэхъри процентI 3,6-кIэ, процентI 3,3-кIэ нэхьыбэщ. ЦIыхухэм пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьбзэхэмэ хохьуэ. Мазэ 12-м кьриубыдэу сом мелард 21-м щIигъу и уасэ хуэзфIагъэкIащ. Псом ипэу зыхуей ерыскьыпхьэхэм я уасэр ильэсым и кIэм сом 2617-м нэсащ.

Пономаренкэ Роман зэхьыхьэм щызэпкрикIащ бзэзэрхэм я лэжьыгъэр зэрауэнтI хабзэ пщалъэхэр республикэм зэрыщагъэзащIэр, абыхэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным, сату щIыпIэхэр законодательствэм зэрэтIысыжьыным, гъэувыным теухуауэ зэфIагъэкIэр. Апхуэдэу фадэхэкIэхэр рознищэу ящ1ну, кьызэрыгуэкI гъущIэхэкIэр, гъущI щIугъэнэхэр я гъэхьэзырыну, ахьуэмэну, абыхэм елэжьыну хуит зыщI лицензэхэр зрат щыкIэм зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ. Лицензэхэм кьапскIыуэну сом мелуани 8-рэ мин 826-м нэблагъэ республикIэ бюджетым нэгъабэ халъхьащ.

Министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм жиIам дыщIагъужу, зи нэхьыжь Iэнатlэхэм я Iуэхур зыхуэдэр зэпкърахыу зэIущIэм кьыщыпсэльащ промышленникэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ кьудамэм и президент **Къэжу Владимир,** КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Къуэшокъуэ Юрэ,** «Налшык вольт льагэ Iэмэпсымэ завод», «Гидрометаллургэ» ОАО-хэм я унафэщIхэу **Махиев Абдулла, Шило Олег**, «Севкавгентген-Д» ООО-м и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Боровик Татьянэ**, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и яп1э вице-премьерым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Уянаев Казым** кьыхихъэщащ кьыхальхьа Iуэхущ1апIэхэмрэ Iэнатlэщхьэр зэрадиIыгъыр, программэ хэхаХэм нэхъ жыджэру хьыхьэн папщIэ, гъуэгуэ кьащатпхъэхэр зыхуэдэр икIи министрствэм и кьэгъэрей гъэкIыгъэм арэзы утехьуэ хьунэ кьиультат.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Сунш Анурбий**, промышленнэ предприятэхэм, сату организацэхэм я унафэщIхэр.

АРУАН Алий.

Нэхъыбэжщ къапэщытыр

Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъынымкIэ и Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и нэгъабэрей гъэкIыгъэм мазаем и 3-м зэхьаркьжащ. Абы теухуа зэIущIэр ящыгъэ-кIуэкIащ а Iэнатlэм и унафэщI Ахъуэхъу Марат.

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, зэхьыхьэм и пэщIэдзэм зэпкърахащ Iуэхущ1апIэм кьэрал ветеринар кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм зэфIигъэкIамрэ мы гъэм кьыпэщыт кьалэнхэмрэ. Щыналъэ управленэм и Iэтащхьэм и къудзэр **Тисленко Валерэ** и отчёт докладым зэрыщыжиIамкIэ, кьыщIэтэныгъэ-кIэлъыплъынымкIэ Iуэхущ1уэ 467-рэ ирагъэкIуэкIащ, ныкьусаныгъэ 160-рэ кьахутащ. Кьыщ1агъэщца щыщIэныгъэхэм ящыщу 57-р Iэщхэр карантин щыIэ зэрыщIэкIащ. Псори зэхэту щыхуэ 148-рэ административнэ жэуапым ирашIэщ - 47-р Iуэхущ1апIэщ, кьулыкьущIапIэ щыхьэзыкIуэрылажьэ хьэрычэтыщIэрэщ, 101-р щыху щхьэхуэщ.

- Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъынымкIэ и Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ветеринар-санитар щIэныгъэ-кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и Iэщ1агъэлIыр *(зэгурыIуэу)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Дол А. З. - Налшык къала округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуэу)*

Карныш С. А. - ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и щIыналъэ организацэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Мэшыкьуэ А. Б. - Къэрал экзамен зэгуэтхэм ехьэлIа информацэм елэжьынымкIэ щIыналъэ центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр

Мэшыкьуэ Б. М. - «Ростелеком» акционер зэгурыкIныгъэ зэIухэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Мэртэзэ Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Панкратовэ К. В. - Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм ЕгъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэмрэ щIэныгъэ организацэхэмрэ якIэлъыплъынымкIэ икIи я лэжьыгъэр кьэпщытэнымкIэ и управленэм лицензэ кьэпщытэнымкIэ и къудамэм и къэрал разрядэ зиIэ и Iэщ1агъэлIыр *(зэгурыIуэу)*

Тэнащ Д. З. - Урысей Федерацэм ШынагъуэшагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэр *(зэгурыIуэу)*

Теппеев А. М. - Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм жылагъуэ хабзэр хъумэныр кьызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэхэр.
Сурэтыр **Валей Леонард** *ящIащ. 1861 гъэ*

ЩIыпIищым щыIах

● Хъуэпсэ банк

«Урысейм и ХъуэпсIэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм «Дзэ ипотек» программэмкIэ и яп1э кредитыр ятащ. Псом ипэу Сыбир дзэ округым и частхэм ящыщ ныбжь и дзэ кьулыкьущIэщ. Кьыйиха щIыхуэмкIэ абы фэтэр кьыщинэхуащ кьыщалъхуа Налшык къалэм.

МЫ КРЕДИТЫР зыхуэхьыр псуупIэкIэ кьыззыгъэпэщ1эзэыгъэуIу-ипотекэ Iэмалыр кьэзыгъэсэбэп дзэ кьулыкьущIэхэрщ. Дзэ ипотекэ кьеIыыхьынуэм тхылъ куэд зэхуахьэсырыкым, апхуэдэу дзэ кьулыкьущIэм и счёт хэхам кьэралым ильэс кьэс хуэхилъхьэ ахъшэр пэщIэдзэ взносу кьагъэсэбэп икIи щыкъуэрабкIэ зытрагъэкIыж. Кьыщынэмыщ1ауэ, хэубыдыкIауэ зы щIыпIэ хэхам псуупIэр кьыщащхъуэн хуейкьым - ар кьулыкьур щрахьэкI щIыналъэм ехьэлIакьым.

«Дзэ ипотек» зэрыщIэнуэм я тхылъхэр (заявкэхэр) Урысейм и ХъуэпсIэ банкым и республикэ кьудамэм и хэщIапIищым щыIах. Пур Налшык, зыр - Прохладнэ кьалэхэм щыIэ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Бжыгъэми нэмысми щIыхэщIым и щхьэусыгъуэр

● Унагъуэ

Еджагъэшхуэхэм жаIэ Кавказ Ищхьэрэм унагъуэм кьыдекIуэкI хабзэхэр хуэм-хуэмурэ щыкIуэдыжу. Абы и нэщэнэ нэхъыщхьэщ сабийуэ кьалъхуэ зэрыкIэрыхьмрэ щыз эхуэщIу щыта нэмысыр зэрекIалъхьмрэ. «Жылагъуэм и абгъуэу» лIэщIыгъуэ хуэздзIэ кьежьэжьар щIыз этхъэжьым и щхьэусыгъуэр кьищIэну хущIэкъуащ «РГ»-м и лэжьакIуэр.

Сабийуэ нэхъ мащIэ

Зэман кIыхькIэ Кавказыр кьалытэу щытащ демографие и лъэныкъуэкIэ зи Iуэху нэхъ зэпэщIыналъэу: «Африкэм хуэздзщ, бын куэд кьащIощхьэу».

- Ауэ ар апхуэдэу щыткъым. Иужь ильэсхэм щыналъэ псоми щытыкIэм щIыхьэужащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Кьэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIыхуокIуэ бынитI нэхърэ нэхъыбэ зимыгъэIэным. Ингушым, Шэшэным, Дагъыстэным я унагъуэхэм нэхъапэм бынитху нэхърэ нэхъыбэ щапIу щытамэ, иджы сабии 2 - 3-м кьищIыз эхуотоувыIэ. Псоми кьакIэрыху Осетие Ищхьэрэмрэ Ставропольмрэ - абыхэм я унагъуэхэм ику иту кьыщIальхур сабинтIым нэхъри нэхъ мащIэщ, - жиIащ Стратегие кьэхутэныгъэхэмкIэ Урысей институтым и унафэщIым и чэнджэщэгъу, социологие щIэныгъэхэм я кандидат Белобородов Игорь.

Еджагъэшхуэм и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, кьыкъуэкIа шынагъуэхэм ящыщ зыщ унагъуэм кьыдекIуэкI щхьэусыгъуэ зэрытекIыр, абы сабийуэ кьащIалъхур нэхъ мащIэ зэрыхъур.

- Си кьэхутэныгъэхэм я гъуэзэщ сабийуэ кьалъхур зыхуэзыдзыр, зэщхьэгъуэхэр зэрызэхуэпэжыр, унагъуэ яIэну зэррыхуейр. 2013 гъэм кьыззригъэлъэгъуамкIэ, кавказ лъэпкъ пщыкIуэзым щыщу тIу кьудейщ кьадекIуэкIыну щыта хабзэкъэ тетыжыр - шэшэнхэмрэ ингушэмрэщ, - кьыхичъэщхьэхуакIащ Бесловородовым. - Сабийуэ кьалъхум и бжыгъэм кIэрызыгъэзу щхьэусыгъуэхэм ящыщу щхьэхъэпэным кьыхэкI узэкр, ушэдзыгъэр кьутэжьынщ кьэзыщэжр. БжыгъэдэкIыжьынщ кьэзыщэжр.

Еджагъэшхуэм кьельытэ щIэбIэ нэхъыбэ диIэнщ анэм щхьэхэр, бгъэхэр, лъакьуэхэр щIалъхуэмэ, телевизорхэм ныкьуэпцIанэу кьихьэхэм кьащхьэщыкIын папщIэ, - кьыдгурегъаIуэ Гадаевым. - Дэ ди бынхэм хьэлу зыхалъхьэ езыхэм лъапIэныгъэу кьалытэхэр. Апхуэдэ щытыкIэм кьихута куэдыр афиныым покI. Ар тельыджщ: мы мыгъуагъэм пэщIэтын папщIэ мэлажьэ кIиныкэхэр, институтхэр. Ауэ абыхэм кьаймыхьуIэр духьэшыхэм кьохьуIэ. Иужь зэманым Кавказым нэхъ щIыхуэхъ хущIахэм фызитI-щы кьыщашэу хуежьащ. Пэжщ, мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэр зэтеухэркъым. И щхьэгъусэм и адэ-анэр зэрамыкьэн щхьэжI хъыджэбз куэд щIохьэпс «етIуанэ фыз» хьуну.

Нэхъыжьхэр я гъуазэу

- КьыштщIэхъуэ щIэблэм псэкупсэ лъапIэныгъэхэр нэхъыжьхэм хамыльхьэмэ, ныбжьыщIэхэм ягъэсэжьафынукъым кьащIэхъуэнухэр, - жеIэ Осетие Ищхьэрэм и муфтий Гацалов Хьэжмурат. - Нэхъапэм нэмыхьыншэу зэдэпсэухэр Iумпэм ящIырт, иджы абы трагъэгушхуэ. Рынок зэхэущытыкIэхэр нэмысми лъэIэсащ, псори ящи кьащхуи мэхъу. Унагъуэ быдэм и хабзэхэм ткIийуэ щытету щытащ Кавказым. Иджы ахэр мэкIуэдыж. Мы Iуэхур кьыззэтедмыгъэувыIэмэ, зы экономики зы технологии сэбэп кьытхуэхъунукъым щIыху бжыгъэм хэмыщIынмкIэ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
«Российская газета».

● Мысыр

Ал-Сиси мэгугъэ

Мысырым зыхъумэжьныгъэмкIэ и министр ал-Сиси Фаттахь Абдел фельдмаршал хъуащ. Абы теухуа унафэм Iэ щIидзащ къэралым и президентым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Мансур Адли.

ВЛАСТХЭМ зэрыжаIэмкIэ, президент хэхьныгъэхэр парламент хэхьныгъэхэм япэ екIуэкIынущ. Къэралым и унафэщIым папщIэ Iэ щаIэтыну махуэр иджыри ягъэбелджыльакъым. Ал-Сиси президентым и кандидату зыкьинъэпэгъуну щогугъэр.

Ал-Сиси Фаттахь Абдел и унафэм щIэту нэгъабэ и баздзэгъуэм кьулыкъым тригъэкIащ исПъамым и тельхьэу щыта президент Мурси Мухьэмэд, Абдеж щытыкIэр кьэралым щызэщIэпгъащ. Мурси и тельхьэхэм зыкьаIэт зэпытщ. Ильэс куэдкIэ президенту щыта Мубарак Хьуони зэрытрагъэкIрэ щIыху куэд хэкIуэдащ зэрызехьэм.

Абы кьыдзэкIуэу. Мысырым и прокуратурэм Катарым и «Ал-Джазира» телеканалым и журналист 20 егъэкьуанщэ къэралым и лъэпкъ щынагъуэнщагъэр кьызэпызыуд хэзыбгъэр зэрызэбграгъэхэмкIэ, террорист щIэпхьаджагъэхэм щIэнэхъуэн зэрахуэхъумкIэ.

Мысырым и властхэм дытегъэзэ мазэм «Мусылымэн зэкъуэщхэр» терроризт зэгухьэныгъэу кьаIыытащ. А зэгухьэныгъэм хэт е абы дэIэпыкIу псоми тезыр трагъэхьэн хуейщ.

«Эхо планеты».

Мыгувэу фельдмаршал ал-Сиси Мысырым и тхьэмадэ хъуну щогугъ.

● Израиль

Адэмрэ къуэмрэ

Израилым и премьер-министр Нетаньяху Биньямин къаугъэ хэхуащ. Ар зэгъэщIылIар и къуэ нэхъыжьырщ. НаIуэ къэхъуащ щIалэр лъэпкъкIэ журту щымыт хьыджэбым зэрыхуэзэр.

ИЛЬЭС 23-рэ си ныбжь Нетаньяху Иерусалим щыщ хьыджэбз Ляйкангер Сандрэ. Нетаньяху-нэхъыжьым и къуэм а Iуэхур хуигъэдэхащ. Абы игъэгубжьащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэр зэрыщIэу хуит зымыщI ультранационалист гупэжр.

Биньямин и къуэ нэхъыжьым и къэшэныр кьыщицIыхуащ Израилым и Генерал щхьэусыгъуэ щIалэ Норвегием щыщ хьыджэбз Ляйкангер Сандрэ. Нетаньяху-нэхъыжьым и къуэм а Iуэхур хуигъэдэхащ. Абы игъэгубжьащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэр зэрыщIэу хуит зымыщI ультранационалист гупэжр.

